

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Indonesia mangrupa nagara nu beunghar dina widang kabudayaan. Ieu hal katitén méh di unggal wewengkon miboga kabudayaan nu has. Nurutkeun Brata (2016, kc. 10), Indonesia mangrupa hiji nagara nu *multikulturalisme* nu bisa dima'naan minangka hiji kapercayaan nu nétélakeun yén kelompok-kelompok étnik atawa budaya bisa hirup kumbuh babarengan sacara tingtrim, éta hal ditandaan ku cara mampuh ngahargaan kana budaya nu lianna.

Nurutkeun Koentjaraningrat (2009, kc. 203), kabudayaan miboga tujuh unsur, nyaéta sistem religi atawa kaagamaan, sistem jeung organisasi masarakat, sistem pangaweruh, bahasa, kasenian, sistem pakasaban, jeung sistem tehnologi. Di antara tujuh unsur kabudayaan aya kasenian. Kasenian mangrupa karya manusa nu ngandung ajén seni, lantaran ngaliwatan seni bisa nepi ka tembus kana kalbu manusa. Ieu hal ditandeskeun ku Abidin (2014, kc. 29) yén karya tina kasenian mangrupa produk kreativitas éstétika jiwa manusa ngaliwatan *agitasi* seni. Budaya jeung kasenian kudu dititén minangka simbol kakuatan spiritual nu rasional jeung artistik.

Ngan di jaman kiwari, geus loba kabudayaan deungeun nu teu ka bendung nu mangaruhan kana éta budaya, contona saperti kasenian-kasenian nu geus mimiti karurud ku kamajuan jaman, nu masarakatna beuki kakurangan minat pikeun lalajo atawa ngaaprénsiasi kasenian. Ieu hal dipangaruhan salasahijina ku *media sosial* nu leuwih loba mublikasikeun ngeunaan kabudayaan-kabudayaan deungeun. Abadi (2015, kc. 03) nétélakeun yén tina sababaraha wanda jeung wangun kasenian, ngan saeutik nu masih hirup di masarakat, saleuwihna geus langka dipintonkeun deui, komo deui aya nu geus rék ditinggalkeun ku masarakat. Loba nonoman di jaman kiwari nu kurang minat pikeun ilubiung dina mertahankeun kasenian.

Ieu hal bisa dilantarankeun ku teu pahamna ngeunaan fungsi tina éta kasenian pikeun kahirupan. Lantaran *eksistensi* kasenian tradisional gumantung kana kumaha ngamumulé budaya di hiji wewengkon nu teu kacampur antara budaya lokal jeung budaya deungeun (Fasya, 2020 kc. 02)

Kasenian di tatar Sunda kawilang euyeub, salasahijina di Kabupaten Tasikmalaya nu miboga poténsi kasenian saperti: *Angklung Séréd Balandongan*, *Angklung Buncis*, *Terabang Gebés*, *Calung tarawangsa*, *Karinding Leuwisari*, jeung nu lianna. Tina sababaraha kasenian nu ditataan, teu sakabéhna kasenian dipikawanoh sacara teleb ku masarakat umum, komo deui kasenian buhun nu ayana di padésaan saperti Kasenian Calung tarawangsa.

Dina enas-enasna kasenian calung tarawangsa miboga ciri has nu matak kataji, saperti dina segi musikalitas nu ngahijikeun sababaraha waditra tina ritmis nu béda jadi hiji pintonan nu leuwih antik. Waditra nu digunakeun nyaéta calung rénténg jeung tarawangsa. Salian ti éta, dina segi kamasarakatan ieu pintonan némbongkeun pisan sipat gotong royong nu kuat, lantaran saacan prungna pintonan tangtuna palaku seni loba dibantuan ku masarakat liana boh dina nataharkeun tempat boh nataharkeun kaayaan lingkunganna sangkan bisa leuwih rapih dina prungna kagiatan. Kitu deui ieu kasenian bisa méré pangaweruh nu sakitu lobana hususna dina pangaweruh kahirupan nu loba ditepikeun ngaliwatan rumpaka kawihna saperti méré pangdunga pikeun jalma nu ngalaman kasusah.

Calung rénténg mangrupa waditra nu dijieunna tina awi, nu ditabeuh ku cara ditakol ngagunakeun awi. Calung rénténg hampir sarua jeung calung basajan, nu ngabédakeun calung rénténg jeung nu lianna nyaéta dina posisi makéna. Calung rénténg ditata atawa ditunda jeung dipaénkeun sacara *horizontal*, sedengkeun calung nu basajan dipaénkeun jeung dicekel sacara *vertikal* (Fasya, 2020 kc. 02).

Anapon tarawangsa atawa nu ilahar disebut ngék-ngék, mangrupa waditra nu wangunna saperti rebab, cara maénkeunana kucara digésék ngagunakeun alat nu husus. Nurutkeun Abah Yana, salah saurang seniman calung tarawangsa di Kampung Cigelap Desa Parung, tarawangsa tina kecap *tarawang rasa* nu hartina ngaliwatan sora nu dikaluarkeun tina ieu waditra bisa nyaang narawangan kana rasa jeung pikiran. Ku kituna ieu kasenian raket patalina jeung hal-hal nu ngagugah rasa boh palaku senina boh nu ngalalajoanana.

Kasenian calung tarawangsa mimiti dipikawanoh kurang leuwih taun 1960-an. Ieu kasenian mimitina ditabeuh pikeun mirig patani nu keur tatanén atawa ngala pare minangka sukuran jeung ngahormat ka Dewi Padi (Dewi Sri). Waditra nu dipakéna gé ngan tarawangsa wungkul, teu saloba jaman kiwari. Kitu deui

mintonkeunana di saung sisi sawah. Salian ti éta, ieu kasenian geus ilahar upama digunakeun pikeun ngubaran jalma nu keur gering atawa kasurupan. Tangtuna ieu hal gé teu leupas tina hakékat nu saenyana, yén nu nyageurkeun kabéh panyakit iwal ti Gusti Nu Maha Suci.

Salian ti miboga fungsi kasenangan atawa hiburan (*seremonial & rekreasional*) budaya ogé miboga fungsi ritual dumasar kana kapercayaan masarakat.

Ku majuna pajamanan, ieu kasenian geus langka dipaké saperti kitu, di jaman kiwari ieu kasenian biasa dipintonkeun minangka hiburan upama aya hajatan atawa acara-acara nu tangtu gumantun nu nanggapna. Ku kituna seniman calung tarawangsa nambahan waditra-waditra anyar saperti calung rénténg dua sét, kacapi, suling, jeung kendang, nu jadi tujuan utamana pikeun ngahirupkeun pintonan. Salian ti nambahan waditra, ieu kasenian tuluy dimodifikasi sangkan bisa leuwih ngirut nu lalajo, saperti diibingan ku penari nu meragakeun patani nu keur tatanén.

Dina prak-prakanna ieu kasenian tangtuna miboga falsafah atawa harti nu saenyana boh nu nyampak boh nyamuni. Upamana baé falsafah tina parukuyan nu digunakeun nalika minton nyaéta parukuyan mangrupa wadah pikeun nyeungeut menyan, ari menyan mangrupa seuseungitan nu bisa méré seungit atawa pangaruh hadé boh ka nu minton boh ka nu lalajo. Tuluy falsafah nu nyampak dina rumpaka kawih nu dihaleuangkeun ku juru kawih nu salasahiji kawihna ngandung harti pikeun pangdunga jeung rasa syukur ka Gusti Nu Maha Suci lantaran geus dipaparinan nikmat jeung hasil panén nu mucekil. Panalungtik kairut pikeun nalungtik kasenian calung tarawangsa, utamana tina ajén falsafah nu nyampak.

Pikeun nyangking ajén falsafah tina ieu kasenian ditilik tina tanda-tanda nu nyampak, boh nu nyampak sacara *visual* nu katitén ngaliwatan tampilan sacara langsung boh nu nyampak sacara *audio* nu katitén ngaliwatan ma'na-ma'na rumpaka kawih nu dihaleuangkeun.

Dumasar kana tujuanana, hasil tina ieu panalungtikan dijadikeun bahan pangajaran maca artikel di kelas XII SMA. Nurutkeun kana KIKD kurikulum 2013 materi ajar maca artikel miboga kompetensi dasar nu kudu dihontal nyaéta dina poin 12.1.1 *mensyukuri anugerah Tuhan YME akan keberadaan Bahasa Sunda dan menggunakannya sesuai dengan kaidah dan konteks sosial budaya sebagai sarana*

komunikasi melalui wawacan, carita pantun, artikel, memancu acara, terjemahan, drama (teater, gending karesmen dan/ atau longser). Dumasar kana pamadegan Tarigan (2015, kc. 7) yén maca mangrupa prosés nu dilaksanakeun jeung digunakeun ku pamaca pikeun meunangkeun informasi nu baris ditepikeun ku nu nulis sacara tinulis.

Guru jeung siswa mangrupa dua hal nu miboga pangaruh gedé dina lumangsungna prosés pangajaran. Guru minangka subjek dina nepikeun materi pangajaran, sedengkeun siswa minangka objék atawa jalma nu narima materi pangajaran. Ku kituna pikeun ngahontal tujuan dina prosés pangajaran, guru kudu bisa nyumponan sarat dina nataharkeun pangajaran, saperti nyarungsum Rencana

Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) minangka acuan dina proses ngajar. Tuluy nataharkeun sumber ajar minangka matéri nu baris ditepikeun ka siswa kalawan ngawasaan sacara gembler. Kitu deui media nu dipaké ku guru bisa ngawangun kaayaan diajar leuwih ngirut siswa sangkan prosés pangajaran lumangsung lancar.

Panalungtikan saméméhna nu patali jeung ieu panalungtikan nyaéta : *Ajén Falsafah nu nyampak dina Kasenian Ronggég Gunung Kabupaten Pangandaran* (ku Utami, 2015), *Ajén Falsafah dina Ibing Buyung Di Upacara Adat Sérén Taun Desa Cigugur Kecamatan Cigugur Kabupaten Kuningan Tahun 2014* (ku Kurniyasih, 2016), tuluy *Ajén Falsafah dina Kasenian Wayang Golek Ruatan Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di Kelas XI* (ku Gumilar, 2013), salian ti éta aya *Ajén Falsafah Kasenian Penca Silat di Paguron Silat Buhun Kabuyutan Gegerkalong Kecamatan Sukasari Bandung* (ku Huda, 2015), nu pamungkas *Peran dan Fungsi Kesenian Calung tarawangsa Di Desa Parung Kecamatan Cibalong Kabupaten Tasikmalaya* (ku Fasya, 2020).

Tina panalungtikan saméméhna, tangtuna aya bébédaan jeung sasaruanaana nu nyampak. Nu kahiji, tina objék panalungtikanana, kasenian Ronggég Gunung, Ibing Buyung dina Upacara Adat Sérén Taun, Kasenian Wayang Golek Ruatan, Kasenian Penca Silat tangtuna mangrupa objék nu béda. Sedengkeun nu pamungkas objékna sarua nyaéta calung tarawangsa. Nu kadua sacara *analisis*, dina calung tarawangsa *nganalisis* ngeunaan simbol jeung ma'na. Sedengkeun *Peran dan Fungsi Calung Tarawangsa* leuwih *nganalisis* ngeunaan peran jeung fungsi kasenian calung tarawangsa pikeun masarakat di Kampung Cigelap Desa Parung

Kecamatan Cibalong Kabupaten Tasikmalaya. Anapon sasaranana antara panalungtikan ngeunaan kasenian Ronggég Gunung, Ibing Buyung, Wayang Golek Ruatan, Penca Silat jeung calung tarawangsa nyaéta ngagunakeun ulikan ngeunaan ajén falsafah.

Nilik kana masalah di luhur, ieu panalungtikan kawilang penting pikeun jadi salah sahiji tarékah dina ngamumulé jeung ngawanohkeun deui kasenian calung tarawangsa ka masarakat hususna dina ajén falsafah nu nyampak dina ieu kasenian nu bisa nambahan pangaweruh dina widang kasenian jeung kabudayaan. Ieu panalungtikan bisa éféktif pikeun dijadikeun materi alternatif dina pangajaran maca artikel SMA kelas XII. Ku kituna ieu panalungtikan dijudulan “Ajén Falsafah dina Kasenian Calung tarawangsa di Kampung Cigelap Desa Parung Kecamatan Cibalong Kabupaten Tasikmalaya pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya SMA kelas XII”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang, aya sababaraha masalah nu nyampak saperti ieu di handap:

- a. Kumaha janggélékna katut prak-prakan kasenian calung tarawangsa?
- b. Ajén falsafah naon baé nu nyampak dina kasenian calung tarawangsa?
- c. Kumaha larapna kasenian calung tarawangsa pikeun bahan ajar maca artikel budaya kelas XII SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Saluyu jeung kasang tukang tur rumusan masalah nu dipedar, tangtuna ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngariksa budaya di masarakat nu salasahijina nyaéta kasenian calung tarawangsa nu asalna ti Desa Cigelap Kecamatan Cibalong Kabupaten Tasikmalaya sarta pikeun nambahan pangaweruh budaya nu aya di tatar Sunda.

1.3.1 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun jangélékna katut prak-prakan kasenian calung tarawangsa jeung ajén falsafah nu nyampak dina éta kasenian, nu satuluyna hasil déskripsi dijadikeun bahan ajar maca artikel budaya kelas XII SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Sacara umum, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat sacara tioritis, mangpaat sacara praktis, mangpaat isu jeung aksi sosial, jeung mangpaat kawijakan.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat saperti ngeuyeuban pangaweruh anyar ngeunaan ajén falsafah nu nyampak dina kasenian calung tarawangsa nu dipatalikeun jeung bahan pangajaran Basa Sunda. Lian ti éta, pikeun nalungtik leuwih jero ngeunaan sajarah jeung kabudayaan nu aya di Kampung Cigelap Desa Parung Kecamatan Cibalong Kabupaten Tasikmalaya.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat tioritis, tina ieu panalungtikan tangtuna dipiharep bisa méré mangpaat:

- a. pikeun panalungtik, bisa pikeun ngeuyeuban pangaweruh tina kasenian calung tarawangsa di Kampung Cigelap Desa Parung Kecamatan Cibalong Kabupaten Tasikmalaya. Salian ti éta panalungtikan bisa dijadikeun bahan titincakan atawa *referensi* panalungtikan nu satuluyna nu patali jeung ieu panalungtikan;
- b. pikeun pamaréntah, ngeuyeuban, ngamumulé, ngadokuméntasi sarta ngapublikasikeun ieu kasenian sangkan bisa leuwih dipikawanoh ku masarakat umum;
- c. pikeun masarakat umum, bisa jadi wadah méré informasi jeung ngawanohkeun kasenian calung tarawangsa cibalongan ka masarakat boh ngaliwatan media sosial atawa sacara langsung; jeung

- d. pikeun pangajaran, minangka bahan ajar dina materi ajar maca artikel budaya pikeun nambahan wawasan jeung pangaweruh *intelektual*.

1.4.3 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Tina ieu panalungtikan, dipiharep bisa jadi bahan ngeuyeuban pangaweruh pikeun masarakat sacara umum hususna kana ajén falsafah nu nyampak dina kasenian calung tarawangsa nu dilarapkeun dina kahirupan.

1.4.4 Mangpaat Kawijakan

Tina ieu panalungtikan dipiharep Dinas Pariwisata dan Kebudayaan (DISPARBUD) Kabupaten Tasikmalaya bisa leuwih ngawanohkeun deui ieu kasenian ku cara mublikasikeun sacara *massif* ngaliwatan media sosial sangkan bisa leuwih hirup. Salian ti éta, kasenian calung tarawangsa bisa jadi bahan agéndakeuneun dina acara-acara kabudayaan atawa acara lianna boh di Kabupaten Tasikmalaya atawa disaluareunana.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi ngawengku 5 bab anu diantarana aya Bab I Bubuka, Bab II Ulikan Tiori, Bab III Méthode Panalungtikan, BAB IV Hasil jeung Pedaran, jeung Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi.

Bab I, ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan. Anapon dina tujuan aya tujuan umum jeung tujuan husus, dina mangpaat aya mangpaat sacara tioritis, mangpaat praktis, mangpaat isu jeung aksi sosial, sarta mangpaat kawijakan.

Bab II, medar ngeunaan tiori nu patali jeung panalungtikan. Sawatara tiori nu dipedar ngeunaan konsep kabudayaan, ajén falsafah, konsép ajén falsafah seni nurutkeun Jakob Sumardjo, kasenian, pangajaran maca, jeung bahan ajar. Tuluy medar panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III, medar méthode panalungtikan nu ngawengku désain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV, medar hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina ngadéskripsikeun janggélékna kasenian calung tarawangsa, prak-prakan kasenian calung tarawangsa, ajén falsafah nu nyampak dina kasenian calung tarawangsa cibalongan, ogé larapna ieu kasenian pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII.

Bab V, ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi. Eusina ngadéskripsikeun kacindekan hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékomendasi pikeun panalungtikan satuluyna.